


MARIA & JESUS

Kat Pitit yo,

ak Kèk Mit
Sou
Lwa 10 An



Èske se vre ou ka resevwa estati imigrasyon pèmanan nan men gouvènman Ameriken si ou te abite la pandan plis pase dis ane? Men yon istwa ki reponn kesyon sa a.

Pwodui pa **Massachusetts Law Reform Institute**, 2017

Travay Atistik te kreye pa **Graphic Advocacy Project**

Enpresyon an te fèt grasa **City of Boston Mayor's Office for Immigrant Advancement** ak **Red Sun Press**



Men nou pa gen okenn papye imigrasyon. Nou te vini san viza plis pase kenz ane de sa.

Petèt ou ka aplike pou lwa dis an epi jwenn kat rezidans lan fason sa a!




PRAN PREKOSYON:

Ou dwe nan pwosedi depòtasyon pou yo ka konsidere w pou pwoteksyon lwa dis ane. Imigrasyon dwe chaje oswa arete w pou kòmanse dosye a e wap gen pou parèt devan yon jij. Se sèlman lè sa ou ka aplike pou lwa dis ane.

TOUJOU chèche konsèy nan men yon avoka! Si ou pèdi ka a, ou ka gen chans pou yo depòte w.



← AVOKA




**PRAN
PREKOSYON:**

Pou w kalifye pou lwa 10-ane, sa ki rele "Cancellation of Removal," "Anilasyon Depòtasyon," yon moun dwe bay dokiman ki pwouve 3 bagay:



1. Depòtasyon an ap bay yon Sitwayen Ameriken oswa timoun rezidan pèmanan, konjwen, oswa paran yon difikilte ki pi grav pase sa nenpòt moun ta souffri si yo ta depòte yo.



2. Li pa gen dosye kriminèl ki diskalifye li, gen bon karaktè moral, e li merite pou li jwenn otorizasyon pou rete nan Etazini.



3. Li pat kite Etazini pandan 10 ane ki sot pase yo pou okenn vwayaj long oswa enpòtan.



Men yon lis kèk dokiman ou ta dwe rasanble si
ou ta parèt devan yon jij e ou bezwen aplike
pou yon lwa dis ane.

- Batistè timoun yo ki se sitwayen Ameriken
- Rapò Medikal ki montre difikilte medikal yon sitwayen Ameriken oswa yon timoun ki rezidan pèmanan oswa lòt manm fanmi si ou dwe kite peyi a
- Lòt dokiman ki montre difikilte yon Sitwayen Ameriken oswa manm fanmi rezidan pèmanan
- Dosye lekòl pou timoun yo
- Dosye travay ak taks ou
- Lèt ak lòt dokiman ki montre ou gen yon karaktè moral e ou te viv nan Etazini pandan dènye 10 ane yo





Map mande m si aksidan
machin mwen an ap konte
kont mwen.

Se te 14 ane de sa. Ou
te gen sèlman 18 ane.

Men mwen gen pou mwen ale
nan tribinal epi peye penalite
a. Sonje sa avoka te di osijè
yon dosye kriminèl?

Wi, ou ta dwe rele avoka
epi pran opinyon li.

Mwen ta dwe jwenn
papye tribinal yo pou
mwen montre li tou.





PRAN
PREKOSYON:

Yon dosye kriminèl ka afekte kapasite
w pou kalifye pou anpil kalite estati
imigrasyon, sa ki gen ladan lwa dis ane.
Yon dosye kriminèl ka pafwa kondwi
nan depòtasyon tou.

Li enpòtan pou w jwenn yon
kopi nan *TOUT* dosye
kriminèl ou epi revize yo
avèk yon avoka.

Avoka a ta dwe di w si yon
dosye kriminèl ka anpeche
w rete nan Etazini.





*TOUJOU chèche èd nan
men yon avoka oswa yon
òganizasyon kominotè fyab!*

Greater Boston Legal Services

197 Friend Street
Boston, MA 02114
(617) 371-1234
<https://www.gbls.org/>

MetroWest Legal Services

63 Fountain Street, Suite 304
Framingham, MA 01702
(508) 620-1830 ext. 234
<http://www.mwlegal.org>

**East Boston Ecumenical
Community Council**

50 Meridian Street, Suite B-1
East Boston, MA 02128
(617) 567-2750
<http://www.ebecc.org/>

Centro Presente

12 Bennington Street, Suite 202
East Boston, MA 02128
(857) 256-2981
<http://www.cpresente.org/>

Northeast Legal Aid

181 Union St., Ste. 201, Lynn, MA
50 Island St., #203A, Lawrence, MA
35 Merrimack St., Ste. 302, Lowell
(978) 458-1465 | 1-800-336-2262
<http://www.northeastlegalaid.org/>

**Catholic Charities Refugee and
Immigrant Services**

275 West Broadway
South Boston, MA 02127
(617) 451-7979
Haitian TPS: (617) 464-8004
<http://www.ccab.org/>

**Irish International Immigrant
Center**

One State Street, Suite 800
Boston, MA 02109
(617) 542-7654
<http://www.iiicenter.org/>

**Political Asylum/Immigration
Representation Project**

98 N Washington Street, Suite 106
Boston, MA 02114
(617) 742-9296
<http://pairproject.org/>

**Community Legal Services &
Counseling Center**

1 West Street
Cambridge, MA 02139
(617) 661-1010
<http://www.clsacc.org>

**Community Legal Aid and
Central West Justice Center**

405 Main St., 4th Fl., Worcester, MA
(508) 752-3718
1 Monarch Pl., Ste. 400, Springfield
(413) 781-7814
<http://www.communitylegal.org/>

**Catholic Social Services of Fall
River**

1600 Bay Street
Fall River, MA 02724
(508) 674-4681
<http://www.cssdioc.org>

**Ascentria Immigration Legal
Assistance Program**

11 Shattuck Street
Worcester, MA 01605
(774) 243-3045
<http://www.ascentria.org/ilap>

Victim Rights Law Center

115 Broad Street, 3rd Floor
Boston, MA 02110
(617) 399-6720
<http://www.victimrights.org/>


Berkshire Immigrant Center

First Baptist Church
88 South Street
Pittsfield, MA 01201
(413) 445-4881
<http://berkshireic.com/>

**Justice Center of Southeast
Massachusetts LLC**

231 Main St., Ste. 201, Brockton, MA
(508) 586-2110
460 West Main St., Hyannis, MA
(508) 775-7020
22 Bedford St., Fall River, MA
(508) 676-6265
<http://www.sccls.org/>

Sonje:

An illustration of a hand holding a card. The hand is brown and is shown from the side, with the thumb and index finger gripping the top edge of the card. The card is light green and contains text.

Ou dwe pale avèk yon avoka
pou konnen si lwa 10-zan te
ka janm ede w nan lavni.

Menmsi lwa sa a ka ede w,
ou dwe rete tann pou yon
chans pou aplike.

Men: ou ka
kòmanse rasanble
dokiman w yo
kounye a.

Fen an



MLRI MASSACHUSETTS
LAW REFORM
INSTITUTE

